

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab, hal-hal anu dipedar nya éta (1) métode panalungtikan, (2) sumber data jeung lokasi panalungtikan, (3) desain panalungtikan, (4) téhnik panalungtikan, (5) instrumén panalungtikan, (6) wangenan operasional, jeung (7) analisis data panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun pikeun meunangkeun data anu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Maryaeni (2012, kc. 58) nyebutkeun yén métode nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina meunangkeun pamahaman anu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Kitu deui, nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 2) métode panalungtikan dina dasarna mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Ieu panalungtikan dilaksanakeun sacara kualitatif. Nurutkeun Bogdan jeung Taylor (Isnendes, 2010, kc. 124) métode kualitatif nya éta hiji prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data-data deskriptif anu mangrupa kecap-kecap tinulis (atawa lisan anu ditulis).

Métode panalungtikan kualitatif sering disebut métode panalungtikan naturalistik, ku sabab panalungtikanna dilaksanakeun dina kaayaan *alamiah* (*natural setting*); disebut ogé salaku métode étnografi, ku sabab ieu métode téh awalna sering dipaké pikeun panalungtikan dina widang antropologi budaya; disebut salaku métode kualitatif, ku sabab data anu geus dikumpulkeun dianalisis ngaliwatan cara kualitatif (Sugiyono, 2015, kc. 8).

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif kalayan maké déskriptif. Métode déskriptif nya éta metode anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kajadian, kagiatan, jrrd., anu hasilna disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2010, kc. 3).

Ieu panalungtikan dilaksanakeun sacara kualitatif, panalungtik meunangkeun data sacara objéktif. Data nu aya terus dianalisis sarta dikelompokkeun saluyu jeung kategori ogé tiori anu geus disusun saméméhna.

Dina ieu panalungtikan, anu didéskrripsikeun nya éta kaayaan, prak-prakan, jeung unsur semiotik anu aya dina tradisi sunatan sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan


3.2.1 Sumber Data


Sumber data nya éta subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data (Arikunto, 2010, kc. 172). Data dina ieu panalungtikan nya éta tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) sesepuh atawa kolot di Désa Dayeuhkolot anu apal kana runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan pikeun meunangkeun data ngeunaan tradisi sunatan anu aya di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang;
- 2) béngkong (paraji sunat) anu leuwih apal kana tata cara nyunatan tradisional di jaman baheula;
- 3) data ti Désa Dayeuhkolot, pikeun meunangkeun data ngeunaan kaayaan di Désa Dayeuhkolot.

Tabel 3. 1
Data Narasumber

No.	Foto/Wasta	Umur (taun)	Agama	Pakasaban / Kalungguhan	Alamat
1	 Mamat	68	Islam	<ul style="list-style-type: none"> • Ustad (guru) • Paraji sunat (béngkong) 	Kp. Krajan RT 11/08, Désa Sagalahérang Kidul, Kacamatan Sagalahérang
2	 Enjang Warsita	52	Islam	<ul style="list-style-type: none"> • Tani • Paraji sunat (béngkong) 	Kp. Sumur Bandung RT 07/04, Désa Cijengkol, Kacamatan Serangpanjang
3	 Surdi	80	Islam	<ul style="list-style-type: none"> • Tani • Sesepeuh lembur 	Kp. Cigorowong RT 10/03, Désa Dayeuhkolot, Kacamatan Sagalahérang



4	 <p>H. Bagus Supiandi, M. Pd.</p>	53	Islam	<ul style="list-style-type: none"> • Guru/PNS • Sesepuh lembur/ katurunan ti paraji sunat (béngkong) 	<p>Kp. Pasangrahan RT 25/08, Kacamatan Kasomalang</p>
---	--	----	-------	--	---

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Tita Nurmaya, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gambar 3.1

Peta Wilayah

Tempat anu dipilih pikeun ngayakeun panalungtikan nya éta Désa Dayeuhkolot. Désa Dayeuhkolot aya di wilayah Kacamatan Sagalahérang, Kabupatén Subang, Provinsi Jawa Barat. Désa Dayeuhkolot kaasup wilayah Subang bagéan kidul. Sacara géografis aya di daerah suku gunung, hawana tiis tur masih kénéh asri, sarta dikurilingan ku pasawahan. Lega wilayah Désa Dayeuhkolot kurang leuwih 430 ha/m^2 . Wates Désa Dayeuhkolot nya éta:

- 1) beulah kalér diwatesan ku Désa Lélés jeung Désa Cinta Mekar
- 2) beulah kidul diwatesan ku Désa Sukamandi
- 3) beulah wétan diwatesan ku Désa Sagalahérang
- 4) beulah kulon diwatesan ku Désa Cijengkol

Sacara administratif, Désa Dayeuhkolot ngawengku opat dusun, lima RW, jeung 21 RT. Jumlah *penduduk* di Désa Dayeuhkolot dina taun 2015 aya 5.234

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

urang, anu ngawengku lalaki 2.616 urang jeung awéwé 2.918 urang. Jumlah penduduk kabagi jadi 1.638 kepala keluarga.

Sangkan leuwih lengkep di handap ieu dipedar ngeunaan kondisi sosial budaya tempat panalungtikan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang.

1) Penduduk

Kaayaan penduduk di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabel 3. 2
Kaayaan Penduduk Désa Dayeuhkolot

No.	Keterangan	Jumlah
1	Kepala Keluarga	1.638 KK
2	Penduduk Rata-rata Menengah	1.227 Jiwa
3	Jumlah Penduduk	5.234 Jiwa Lalaki : 2.616 Jiwa Awéwé : 2.918 Jiwa
4	Angkatan Kerja (15-60 th)	1.177 Jiwa
5	Fakir Miskin	525 KK
6	Pemeluk Agama Islam	5.234 Jiwa
7	Pemeluk Agama lain	-

Sumber Data: Profil Désa Dayeuhkolot Tahun 2016

Tina tabel di luhur bisa katitén yén masarakat di Désa Dayeuhkolot mayoritasna ngagem agama Islam. Tina jumlah penduduk 5.234 jiwa, kabéhanana ngagem agama Islam. Jadi, bisa disebutkeun préséntasi nu ngagem agama Islam di Désa Dayeuhkolot nya éta 99,99%.

2) Pendidikan

Tingkat pendidikan di Désa Dayeuhkolot Kecamatan Sagalahérang Kabupatén Subang bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabel 3.3
Tingkat Pendidikan Penduduk di Désa Dayeuhkolot

No.	Tingkat Pendidikan	Jumlah
1	TK/pra sekolah	285 Urang
2	Sekolah Dasar	1.286 Urang
3	SLTP	802 Urang
4	SLTA	299 Urang
5	Diploma 2	150 Urang
6	S-1	60 Urang
7	Teu pernah sakola	2.352 Urang
Jumlah		5.234 Urang

Sumber Data: Profil Désa Dayeuhkolot Tahun 2016

Dumasar kana data di luhur, katitén yén masarakat di Désa Dayeuhkolot merhatikeun kana pentingna atikan, sok sanajan masih kénéh loba masarakat anu teu pernah sakola, tapi masarakat nu lulus SMA jeung Perguruan Tinggi gé kaitung loba.

3) Pakasaban

Ku sabab sacara géografis Désa Dayeuhkolot lokasina di daerah suku gunung sarta dikurilingan ku pasawahan, jadi lolobana masarakat di Désa Dayeuhkolot pakasabanna jadi patani atawa buruh tani. Nurutkeun data profil Désa Dayeuhkolot, rupa-rupa pakasaban masarakat Désa Dayeuhkolot dipedar dina kaca satuluyna.

Tabel 3. 4
Pakasaban Penduduk Désa Dayeuhkolot

No.	Pakasaban	Jumlah
1	Patani	440 Urang
2	Buruh Tani	969 Urang
3	Buruh Swasta	84 Urang
4	Pegawai Negeri Sipil	60 Urang
5	Buruh Pengrajin	40 Urang
6	Pedagang	96 Urang
7	Jumlah usaha lain-lain	205 Urang

Sumber Data: Profil Désa Dayeuhkolot Tahun 2016

4) Agama

Tina jumlah penduduk 5.234 jiwa, masarakat di Désa Dayeuhkolot kabéhanana ngagem agama Islam. Jadi, bisa disebutkeun préséntasi nu ngagem agama Islam di Désa Dayeuhkolot nya éta 99,99%.

5) Basa

Dina kahirupan saopoéna, masarakat di Désa Dayeuhkolot lolobana ngagunakeun basa Sunda pikeun alat komunikasina. Aya sababaraha masarakat anu ngagunakeun basa Indonesia, biasana basa Indonesia digunakeun dina kagiatan resmi (formal) saperti di sakola.

Tina péréléan anu geus didadarkeun, bisa katitén yén yén masarakat di Désa Dayeuhkolot mayoritasna ngagem agama Islam. Tina jumlah penduduk 5.234 jiwa, kabéhanana ngagem agama Islam. Masarakatna masih merhatikeun kana pentingna atikan, sok sanajan masih kénéh loba masarakat anu teu pernah sakola, tapi masarakat nu lulus SMA jeung Perguruan Tinggi gé kaitung loba. Ku sabab sacara géografis Désa Dayeuhkolot lokasina di daerah suku gunung sarta dikurilingan ku pasawahan, jadi lolobana masarakat di Désa Dayeuhkolot pakasabanna jadi patani atawa buruh tani. Dina kahirupan saopoéna, masarakat di

Tita Nurmaya, 2017

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Désa Dayeuhkolot lolobana ngagunakeun basa Sunda pikeun alat komunikasina. Aya sababaraha masarakat anu ngagunakeun basa Indonesia, biasana basa Indonesia digunakeun dina kagiatan resmi (formal) saperti di sakola.

3.3 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu panalungtikan disusun ngagunakeun sababaraha léngkah, nya éta nangtukeun masalah, ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, nyieun instrumén panalungtikan, obsérvasi kana objek panalungtikan pikeun meunangkeun data, ngolah data, ngadéskripsikeun data dina wangun karangan, anu ahirna hasil panalungtikan bisa dicindekkeun. Desain panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.


Bagan 3. 1
Desain Panalungtik



Tita Nurmaya, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



3.4 Téhnik Panalungtikan

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu penting dina hiji panalungtikan, ku sabab tujuan utama dina panalungtikan nya éta meunangkeun data. Data anu geus dikumpulkeun téh tangtu kudu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Saupama panalungtik teu apal kana téhnik ngumpulkeun data, tangtuna moal bisa meunangkeun data anu dipiharep sacara optimal.

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik obsérvasi, téhnik studi pustaka, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Obsérvasi

Nasution (Sugiyono, 2015, kc. 226) nyebutkeun yén observasi nya éta dasar tina sakabéh élmu pangaweruh. Téhnik obsérvasi nya éta hiji kagiatan anu dilaksanakeun sacara turun langsung ka lapangan pikeun meunangkeun informasi nu aya di masarakat. Panalungtik turun langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data nu akurat ngeunaan kaayaan tradisi sunatan, runtuyan acara, prak-prakan, jeung unsur semiotik dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang.

2) Téhnik Studi Pustaka

Kajian pustaka nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta informasi tinulis nu kaasup wanda ilmiah, buku, dokumén, jurnal jeung éséy ngeunaan tradisi sunatan adat Sunda. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu sipatna dokumén, misalna data gambar-gambar jeung data tinulis. Data anu geus aya tuluy dikaji pikeun néangan informasi tur jadi solusi dina ngaréngsékeun masalah panalungtikan.

3) Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta wangun dialog anu dilakukeun ku *pewawancara* (nu nanya) pikeun meunangkeun informasi ti narasumber. Aya dua rupa wawancara, nya éta wawancara tertutup jeung wawancara terbuka. Wawancara terbuka

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilaksanakeun dina ieu panalungtikan. Patalékan ditulis dina wangun *pernyataan*, tuluy dina waktu prak-prakanna wawancara, éta *pernyataan* téh dimekarkeun deui jadi patalékan anu saluyu jeung kabutuhan data panalungtikan. Wawancara dilaksanakeun ka pihak-pihak anu apal tur patali jeung panalungtikan, diantarana nya éta Kepala Désa di Désa Dayeuhkolot, béngkong (paraji sunat), jeung tokoh masyarakat (sesepuh) pikeun meunangkeun informasi ngeunaan kaayaan tradisi sunatan, prak-prakan, jeung unsur semiotik dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot.

4) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi nya éta hiji cara anu dipaké pikeun nyatetkeun kajadian anu geus kaliwat. Hal-hal anu didokuméntasikeun bisa dina wangun tulisan, gambar, karya-karya, rekaman, jrrd.

Panalungtik ngadokuméntasikeun hal-hal anu patali jeung panalungtikan, saperti ngadokuméntasikeun runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan, pakakas anu digunakeun ku béngkong dina nyunatan, sarta dokuméntasi wawancara. Data hasil dokuméntasi mangrupa foto, video, rekaman, jeung catetan hasil rekaman dina ieu panalungtikan.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu ditalungtik nya éta tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kecamatan Sagalahérang Kabupatén Subang. Téhnik anu digunakeun dina ngolah data nya éta:

- 1) ngaidéntifikasi masalah. Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kurang dipikawanohna maksud jeung tanda dina tradisi sunatan;
- 2) ngalakukeun studi pustaka anu patali jeung panalungtikan;
- 3) nganalisis unsur semiotik nu aya dina tradisi sunatan ngagunakeun teori Peirce, nu ngawengku *ikon*, *indeks*, jeung *simbol*;
- 4) milah-milah data dumasar wangunna;
- 5) ngadéskripsikeun jeung nyusun data hasil panalungtikan;
- 6) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké pikeun ngukur *fénoména* alam atawa kajadian sosial anu ditalungtik (Sugiyono, 2015, kc. 102). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kaméra, *handphone*, jeung pedoman wawancara.

1) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakan acara dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot jeung narasumber dina wangun *video* atawa *foto*.

2) Handphone

Handphone digunakeun pikeun ngarekam wawancara antara narasumber jeung panalungtik ngeunaan tradisi sunatan di Désa dayeuhkolot.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun dina nepikeun patalékan ti panalungtik ka narasumber ngeunaan sajarah, prak-prakan, jeung unsur semiotik nu nyampak dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot. Pedoman wawancara panalungtikan disusun saperti ieu di handap.

Tabel 3.5
Pedoman Wawancara

No	Rumusan	Patalékan dina <i>Pernyataan</i>
1)	Runtuyan acara jeung prak-prakan sunatan	<ul style="list-style-type: none"> - Kegiatan/persiapan saméméh budak disunatan. - Runtuyan acara jeung prak-prakan nalika budak disunatan. - Ritual anu dilaksanakeun dina tradisi sunatan. - Pihak nu ilubiung dina tradisi sunatan. - Pakakas anu kudu dipersiapkeun nalika rék nyunatan (béngkong). - Ritual saméméh atawa nalika rék nyunatan (Béngkong). - Bahan-bahan naon waé anu kudu aya dina tradisi sunatan (sasajén).

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2)	Simbol dina tradisi sunatan	<ul style="list-style-type: none"> - Simbol-simbol dina tradisi sunatan (runtuyan acara jeung prak-prakan). - Maksud tina unggal simbol dina tradisi sunatan (runtuyan acara jeung prak-prakan). - Maksud tina pakakas anu dipaké pikeun nyunatan (Béngkong). - Maksud tina bahan-bahan jeung sasajén anu dipake dina tradisi sunatan. - Maksud tina ritual anu dilaksanakeun.
----	-----------------------------	---

3.6 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ulukan Struktural-Semiotik dina Tradisi Sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA”. Sangkan leuwih jelas, ieu judul diwincik saperti ieu di handap.

1) Strukturalisme

Sacara étimologis, strukturalisme asal kecapna “struktur”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (Koswara, 2013, kc. 13). Konsépsi utama strukturalisme nya éta sikep dina ningali kanyataan salaku hiji struktur anu diwangun ku hubungan antar komponén nu tangtu sacara *sistematis* (Maryaeni, 2012, kc.48). Jadi, strukturalisme nya éta métode atawa pamarekan anu dipaké pikeun nalungtik struktur (komponén-komponen) hiji obyék, kajadian, atawa hubungan antar unsur dina hiji obyék. Strukturalisme biasa dipaké pikeun dijadikeun pamarekan dina nganalisis basa, budaya, jeung masarakat.

2) Sémiotik

Nurutkeun Sudjiman jeung Van Zoest kecap “sémiotik” asalna tina basa Yunani, *semeion* anu hartina “tanda” (Sobur, 2013, kc. 16). Sémiotik nya éta salah sahiji élmu atawa métode analisis pikeun ngulik tanda (Sobur, 2013, kc. 15). Sémiotik nya éta élmu anu maluruh ngeunaan tanda-tanda dina kahirupan

Tita Nurmaya, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masarakat. Éta tanda téh dipaluruh kusabab miboga ma'na di jerona, ma'na dipaluruh sangkan bisa dipikaharti ku masarakat.

3) Tradisi

Mardimin (1994, kc. 12) nyebutkeun yén Tradisi (basa Latin: *traditio*, “dituluykeun”) atawa kabiasaan nya éta hiji hal anu geus dilakukeun ti keur baheula tur jadi bagian dina kahirupan hiji masarakat. Tradisi nya éta kabiasaan anu geus turun-tumurun dina hiji masarakat.

Jadi, tradisi nya éta hasil tina pamikiran jeung paripolah manusa dina kahirupanna anu jadi kabiasaan sarta diturunkeun ti generasi ka generasi.

4) Sunatan

Nurutkeun Moestapa (1913, kc. 39) dina jaman baheula saméméh taun 1860 Maséhi, kecap sunat (asal kecapna tina basa Arab) saméméhna disebut sudat, memang dina basa Sunda gampang nambahan hurup *nun* atawa *mim*, gampang pindah aksara nu uni, gampang mindahkeun pangarti asal basa, ku sabab kitu robah, asalna disundatan jadi disunatan. Matak disebut disudatan ku sabab dina prosesna kokocop sirit diturih nepi ka beulah. Basa lemesna nya éta disepitan, asal kecap tina disebitan, istilah anu ngarujuk kana ma'na dibersihan.

Tradisi sunatan adat Sunda nya éta kabiasaan anu dilaksanakeun ku urang Sunda anu ngagem agama Islam, salaku proses mérésihan diri tina haram jeung najis, ku cara miceun bagian nu tangtu tina rarangan lalaki atawa awéwé. Dina prosésna nyangkaruk unsur-unsur adat di jerona.

5) Bahan Ajar

Nurutkeun Panen bahan ajar nya éta bahan-bahan atawa materi pangajaran anu disusun sacara sistematis, anu digunakeun ku guru jeung murid dina prosés pangajaran (Andi, 2011, kc. 16). Jadi, bahan ajar nya éta alat atawa media anu ngabantuan guru dina ngalaksanakeun proses pangajaran sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal.

6) Maca

Wangenan maca nurutkeun Hodgson dina Tarigan (2008, kc. 7) nya éta proses anu dilaksanakeun ogé dipaké ku nu maca pikeun meunangkeun makna anu hayang ditepikeun ku panulis ngaliwatan kecap-kecap atawa basa tinulis.

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUKHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

7) Artikel

Nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008, kc. 71) artikel nya éta hiji karya tulis anu teu panjang teuing tapi lengkep, biasana dimuat dina koran atawa majalah. Tuluy Sumadiria (2005, kc. 2) nyebutkeun yén artikel nya éta hiji tulisan lepas, eusina opini atawa pamadegan anu medar ngeunaan hiji masalah, sipatna aktual biasana kontroversial anu miboga tujuan pikeun mangaruhan, méré informasi, ngayakinkeun atawa ngahibur nu maca.

3.7 Analisis Data

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 244) analisis data nya éta usaha pikeun néangan ogé ngumpulkeun data tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi sacara *sistematis*. Éta data nu geus kakumpul téh dipilih mana anu penting pikeun ditalungtik, tuluy dicindekkeun sangkan leuwih babari dipikaharti ku pribadi jeung ku balaréa. Analisis data mangrupa kagiatan ngolah data anu dilaksanakeun ku panalungtik sanggeus data-data ngeunaan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot kakumpul.

Aya sababaraha tahapan analisis sanggeus data kakumpul, nya éta:

- 1) ngolah data ku cara milah jeung milih data nu luyu jeung nu ditalungtik;
- 2) data nu geus kakumpul didéskripsikeun saluyu jeung tujuan panalungtikan;
- 3) data dianalisis dumasar unsur sémiotika Peirce nu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol;
- 4) hasil déskripsi data nu geus dianalisis tuluy dijieun artikel pikeun salah sahiji pilihan bahan ajar dina pangajaran maca artikel budaya di SMA.
- 5) nyieun kacindekan ngeunaan ulikan struktural jeung sémiotik dina tradisi sunatan nu aya di Désa Dayeuhkolot, Kacamatan Sagalahérang, Kabupatén Subang.

